दिन—मंगलवार दिनांक—19.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे लोक सभक समस्याक शीघ्र समाधान लेल आइ सँ पंचायत स्तर पर राज्यव्यापी सहयोग शिविरक आयोजन कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सारण जिलाक डुमरी बुजुर्ग पंचायत मे आयोजित कार्यक्रम मे सम्मिलित भऽकऽ राज्यव्यापी अभियानक उद्घाटन कयलनि। श्री चौधरी कहलनि जे शिविर मे प्राप्त शिकायतक समाधान बेसी सँ बेसी तीस दिनक भीतर सुनिश्चित कयल जाय। एहन नहि कयला पर संबंधित अधिकारी एकतीसम दिन स्वतः निलंबित भऽ जयताह। सहयोग शिविर मे प्राप्त आवेदनक निष्पादनक प्रगतिक निगरानी मुख्यमंत्री सचिवालय स्तर सँ कयल जायत। ओ जनौलनि जे जनताक सुविधा लेल हेल्प लाईन नंबर— एक एक शुन्य शुन्य आ सहयोग पोर्टल सेहो क्रियाशील कऽ देल गेल अछि। सहयोग शिविरक आयोजन प्रत्येक मासक पहिल आ तेसर मंगल के कयल जायत। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी पटनाक दानापुर अनुमंडलक सरारी पंचायत मे सहयोग शिविरक उद्घाटन कयलनि।

---

दरभंगा जिला मे चौबीस स्थान पर सहयोग शिविरक आयोजन कयल गेल। जिलाक प्रभारी मंत्री सह पथ निर्माण मंत्री कुमार शैलेन्द्र सिंहवाड़ा प्रखंडक सिमरी पंचायत भवन सँ एकर शुभारंभ कयलनि। बेगुसराय मे जिलाक प्रभारी सह सहकारिता मंत्री रामकृपाल यादव बरौनी प्रखंडक भरत उच्च विद्यालय पिपरा देवस मे सहयोग शिविरक उद्घाटन कयलनि। कटिहार मे आयोजित सहयोग शिविर मे दू हजार नओ सय पचहत्तरि शिकायतक निष्पादन कयल गेल। जिलाक प्रभारी मंत्री प्रमोद कुमार चंद्रवंशी सदर प्रखंडक भवाड़ा पंचायत मे शिविरक उद्घाटन कयलनि। सुपौल मे बिहार सरकारक योजना आ विकास मंत्री भगवान सिंह कुशवाहा सदर प्रखंडक पंचायत सरकार भवन घुरन मे आयोजित सहयोग शिविरक भ्रमण कयलनि। आनो जिला मे सेहो विभिन्न पंचायत मे सहयोग शिविरक आयोजन कयल गेल।

---

ऑल इंडिया ऑर्गेनाइजेशन ऑफ केमिस्ट एंड ड्रगिस्ट ई–फार्मेसी आ ऑनलाईन दवाई बिक्रीक विरूद्ध काल्हि देश भरि मे हड़तालक घोषणा कयने अछि। बिहार केमिस्ट एंड ड्रगिस्ट संघक अध्यक्ष प्रसन्न कुमार सिंह कहलनि जे बीस मई के प्रदेशक सभ दवाई दोकान बंद रहत। दवाई विक्रेता लोकनि ई–फार्मेसी प्लेटफॉर्म पर अंकुश लगेबाक मांग कऽ रहल छथि।

———————————————————————

तेल विपणन कंपनी सभ पेट्रोल आ डीजलक मूल्य मे करीब नब्बे पाइ प्रतिलीटर वृद्धि कयलक अछि। राजधानी पटना मे आब पेट्रोलक मूल्य एक सय दस टाका दू पाइ प्रतिलीटर आ डीजलक मूल्य चौरानबे टाका संतानवे पाइ प्रतिलीटर भऽ गेल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आगामी पच्चीस मई के राष्ट्रपति भवन मे आयोजित समारोह मे प्रख्यात कृषि वैज्ञानिक आ राजेन्द्र कृषि विश्वविद्यालय पूसाक पूर्व कुलपति डॉक्टर गोपालजी त्रिवेदी समेत बिहारक तीन विभूति के पद्मश्री सम्मान सँ सम्मानित करतीह। भोजपुरी लोक गायक भरत सिंह भारती के कलाक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदान लेल ई पुरस्कार भेटत। डोमकच नृत्य के मुख्यधारा मे लयबाक लेल लोकप्रिय कलाकार विश्वबंधु के मरणोपरांत पद्मश्री सम्मान देल जायत।

———————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति डीएलएड संयुक्त परीक्षाक तिथि घोषित कऽ देलक अछि। समिति द्वारा निर्गत कार्यक्रमक अनुसार आठ जून सँ बाईस जून धरि परीक्षाक आयोजन होयत। ई परीक्षा कंप्यूटर आधारित मोड मे लेल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे भीषण गर्मीक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ भभुआ आ रोहतास जिला मे लू चलबा सँ जनजीवन प्रभावित भेल। गयाजी राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल जतऽ अधिकतम तापमान चौवालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम भाग मे अगिला किछु दिन धरि गर्मी सँ राहत भेटबाक उम्मीद नहि अछि। दोसर दिस एक चक्रवातीय परिसंचरणक क्षेत्र बनबाक कारण प्रदेशक उत्तरी भाग मे मौसम मे परिवर्तन हेबाक संभावना अछि। एहि क्रम मे मुजफ्फरपुर, वैशाली, समस्तीपुर, मधुबनी, सुपौल,

अररिया समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व भाग मे अन्हर आ बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

दरभंगा जिलाक पतौर थाना क्षेत्र अंतर्गत चंदनपट्टी गाम मे एक व्यक्ति अपन पत्नी आ तीन बच्चा पर जानलेबा हमला कऽ देलक। एहि घटना मे चारू के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि आरोपी व्यक्ति स्वयं के सेहो घायल कऽ लेलक जकरा पुलिस हिरासत मे लऽकऽ इलाज लेल अस्पताल मे भर्ती करौलक अछि।

मधुबनी मे उत्पाद विभाग द्वारा अठहत्तरि संवेदनशील स्थान पर छापामारी कऽ पांच शराब तस्कर समेत एगारह गोटे के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त